

Lonbraj yon ti zanj

ESTERLIN, Jean Marc



Chak swa, lè papa m ap rantre lakay la, li toujou pote twa(3) plat fritay ak twa(3) malta pou nou. Yonn pou manman m, yonn pou sè m e yonn pou mwen. Papa m pa t twò renmen manje fritay e se te byen pou nou.

Yon sware, aprè mwen finn manje yon bon fritay e bwè malta mwen an, mwen bwose dan m, mwen priye epi après, m ale kouche. Pwoblèm lavi a pa t konsène m paske mwen pa t gen ni lou ni lejè mwen t ap leve. Mwen te jis yon timoun ki te la pou

pwofite bon moman lavi a te mete sou chimen mwen.

Non pa mwen se Prens.

Mwen pa t konn wè li sou katye a, men aprè yon bon lanwit dòmi vant deboutonnen ak yon plat fritay, lè mwen leve nan maten, avan menm m ale bwose dan mwen, mwen wè yon jèn tifi ap pase devan baryè lakay la. Mwen te panse se te yon timoun ki soti nan mòn - jan nou souvan di nan peyi Dayiti – ki t ap pase. Swa li pral vann ak granmoun li, swa li pèdi wout li. Se byen domaj, se pa t yonn nan sa yo.

Kèk semèn aprè, mwen kòmanse wè li dri sou katye a. Mwen pa ka kache w sa, mwen te tankou yon ti prizonye, sèlman lekòl, legliz ak ale kay lòt fanmi. Si non, desten mwen te rezime ak rete nan lakou a epi eseye wè sa k ap pase nan lari a. Mwen pa t ka pale ak li. Pou m te konn kijan li te rele, se mande mwen te mande yon kouzen m, ki te gen plis libète pase m, non tifi a. Se lè sa a, mwen rive konnen li rele : Idaniz.

Idaniz pa t yon timoun menm jan ak anpil timoun sou katye a. Desten li pa t trase menm jan ak pa nou yo. Li te pèdi manman li bonè. Aprè lanmò manman li, papa li te rive aksepte pran li pou vinn rete lakay li ak madanm li. Ti pitit la pa t janm gen kè kontan, li te toujou ap monte desann – kit solèy la te cho, kit te gen lapli, lannwit kou lajounen, l ap bourike san pran souf.

Li pa t gen menm privilèj ak lòt timoun ki te abite nan menm lakou ak li. Bèlmè li, Selimèn, pa t yon move moun, selon sa katye a te konn ap di sou li. Li se te yon bon sèvitè lwa. Moun ki konnen ak respekte prensip lakou yo. Moun ki te konnen ki wòl ak plas timoun yo nan wonn nan, nan fanmi yo. E poutan, lè fènwa tonbe se yon syèl pa do Idaniz ap monte ak bèlmè li. Si di pa di, konnen pa p konnen. Paske dèyè pòt byen klete, se pa li Idaniz ap pran ak madanm sila.

Li te rete nan yon gran lakou. Kote te gen plizyè ti kay ladan. Chak manb nan fanmi madanm nan te gen kay pa yo nan lakou a. Tè a pa t divize. Tout moun te ka rantre andan kay lòt jan yo vle. E se nan menm lakou sa a, nan mitan tout fanmi sa yo,

Idaniz pral aprann pi gwo lesou nan lavi li: doule yon moun se pou li, se chay li, se kwa li. Dèfwà, li te konn menm mande tèt li si Bondye konn tande kri kè li.

Chak jou se menm jou a pou li. Li pa konnen ni lasemèn ni fen semèn. Li te toujou ap pase tray li nan leve bonè, lè tout moun ap wonfle, lè lawouze ap taye banda, pou li bale gran lakou a. Lè li fini, li koule kafe, al chache bwa pou manje aprè midi yo fèt. Si pa malè, pandan l ap fè travay sa yo, yon lòt timoun vinn bay blag ak li, baton ap kouche l baton ap leve l.

Idaniz te tankou yon timoun ki ratrape lapès. Yo pa t vle pyès timoun jwe ak li. Lè li finn fè tout travay nan lakou a, li tou pase dèyè kay la, li rale yon vye moso twal li mete atè a e li tou chita. Idaniz pa t yon timoun ki te gen yon bèl fizyonmi jan anpil Ayisyen wè kesyon bote a. Li te gen yon machwè alonje, yon je vèwon e yon po nwa fonsè. Li te gen bèl cheve e souri Idaniz pa t kite pyès moun endiferan e se te poutèt sa, yo pa t janm kite li gen yon ti moman bonè.

Malgre tout sa yo, li te toujou jwenn yon mwayen pou li chape ak maltretans li t ap sibi yo. Dèfwà, ou te ka gen enpresyon li te yon timoun ki pa t gen bon nanm sou li. Li te konn menm vann imaj sa a de li : yon ti kan nannan. Oubyen, menm jan tonton m te ka di li : *yon timoun zonbi pete sou li*. Men kote l ap pale, lè bouwo li yo pa la, frekan pou w ta frekan pou w ta di Idaniz se yon timoun sòt. Sa k yon timoun sòt? Èske yon tilezanj ki pa ka defann tèt li kont opresyon l ap sibi nan fanmi li pa dwe gen mwayen pou defann tèt li? Kiyès ki te kanpe pou li kont move tretman l ap viv yo? Ki manb nan fanmi sa a ki te kanpe kont vyolans l ap viv yo ? Pyès moun.

Li aksepte sibi zak sa yo nan silans li. San plenyen, san kriye. Pafwa, mwen gen enpresyon se sèl nat li t ap dòmi an ki te konnen koulè dlo je li. Pa gen pyès moun ki te ba l règle anyen pou li. Papa li sanble ak yon moun ki pa t swete gen yon timoun tankou Idaniz. Pouki rezon? Sèl li menm ak Bondye ki konnen.

Yon maten, bò dizè, pandan mwen te chape poul
mwen enpe, m al tonbe sou Idaniz ki dèyè lakay
bèlmè li a k ap chante :

Lè la libere Ayiti va bèl o

W a tande, w a tande koze

Lè la libere Ayiti va bèl o

W a tande alon ti peyi mache o

W a tande...

Li tonbe chante e danse an menm tan. Fò w ta di
se te jou delivrans li ki te rive. Yon souri sou bouch
li, tout dan li te deyò, se tankou li t ap souri bay
lanati nan yon jès rekonesans pou di li mèsè pou
sa li ba li : chans pou li tande zwazo k ap chante,
plant k ap pouse, lawouze nan maten k ap pase
sou do pye li. Li te ozanj.

Pandan pawòl mizik la ap danse nan bouch li, gen
yon kout bwa ki tonbe nan bò tèt Idaniz. Li tonbe
epi san kòmanse koule. Mwen ki t ap kontanple
Idaniz, mwen kanpe e mwen pa t ka bouje. Se te
pou premye fwa mwen t ap asiste ak yon zak
konsa. Kote yon moun resevwa yon kout baton
konsa.

Bèlmè Idaniz pran li nan fèy zòrèy, li tire zòrèy la e li kòmanse tòde li. Dlo ap ponpe nan je ti pitit la. Li pa ka fè bri. Lè bèlmè a finn satisfè de aksyon li an, li pran yon sitwon. Li koupe l epi li prije l sou blese a. Lè li fini, li pase sitwon an sou blese a. Sa kòmanse pike Idaniz. Se dlo k ap koule. Min ki sou vizaj li bay enpresyon li mande manman l poukisa li pa vinn chache l.

Lè papa Idaniz, Jozèf, rantre, li wè li gen yon blese nan tèt la. Li mande sa ki pase. Bèlmè a di Idaniz blese nan fè dezòd. Li tèlman pa tande moun se nan monte sou yon bagay pye li glise epi li tou blese nan tèt la. Je Idaniz kale nan je papa li, men li pa ka di anyen. Papa li kenbe li, li rale yon branch bwa, li kòmanse vide baton sou pitit la paske Idaniz konnen li pa gen lajan, men l al blese nan fè dezòd. Esi blese sa a te nande pou mennen li lopital. Kiyès ki t ap mennen li?

Enjistis la te tèlman anraje. Tout moun sou ran ap gade san fè anyen. Ti pitit la te pou kont li, nan yon katye kote li pa t konn pyès moun ladan, fas ak bouwo li yo. Li te ka mawon, men pou ale ki kote? Tout granmoun ap di li se yon envalib pou laj li.

Antouka, desten li, kote li soti, bote li, kondane li nan sibi tout maltretans sa yo. E sitou, nan yon sosyete kote leta pa bay pyès moun regle anyen pou li.

Idaniz, malgre tout sa l ap viv yo, li pa t janm gen opòtinite mete pwent pye li lekòl. Se li ki te toujou ap prepare timoun, dèfwa timoun ki te pi gran pase li, pou yo ale lekòl. Lave rad yo, pase, netwaye soulye, tout sa yo se travay li nan kay la. Pa t gen moun ki la pou ba li yon kout men. Sa ki dwòl la, nan klas mwen te ye nan lekòl la, maten ak midi, profesè a pa sispann pale de Ayisyen se gwoup moun ki te aboli esklavaj. Vrèman? Sa Idaniz ap viv la se pa esklavaj? Kiyès ki panche sou ka sa yo nan sosyete a? Dwa moun? Mwen gen plis kesyon ke repons. Se konsa sa te ye e li riske rete konsa.

*

Samdi 28 janvyè 2001, senkè nan maten, Idaniz reveye. Li pran yon bokit li ale nan pi a e li ranpli l dlo. Li wouze tout lakou a, epi ale chache yon bale dèyè kay la. Li kòmanse bale lakou a, ranmase fatra yo epi li wouze flè yo. Yon jounen nòmàl.

Après, li rantre nan kay la, li pran bwòs dan li epi li ale nan yon kwen nan lakou a. Yon kote ki bare avèk kèk moso twal blanch ki tounen krèm. Twal sa yo chaje ak twou ladan yo. Li rale bwòs la, li mete pat ladan, li bwose dan li epi li lave je li. Li akoupi, li pran dlo, li fè twalèt deba li.

Lè Idaniz fini, li rantre epi depoze bwòs la ak pat la nan kay la. Li soti avèk yon tibonm, poud kafe, sik. Li mete yo nan yon laye atè a. Après, li mache nan lakou a, li ranmase kèk moso bwa. Li mete yo nan mitan twa wòch dife yo. Li pran yon moso bwa pen, li pase yon alimèt e li kole li ak bwa pen an. Epi li lage bwa pen an sou moso bwa yo. Dife a kòmanse limen. Li kòmanse soufle ak bouch li pou fè dife a byen pran. Lafimen rantre nan gòch li. Li kòmanse touse. Lè li fini, li pran yon tibonm, li lave li. Li mete dlo ladan l epi li mete li sou dife a.

Dlo a kòmanse ap bouyi, Idaniz pran grèp kafe a li rense li. An menm tan tou, l ap siveye pou wè ki kote papa li ap soti. Li mete kafe nan grèp la, après, li pran yon lòt bòl li pandye grèp la ladan. Li pran yon moso twal, li pran manch tibonm nan, epi li vide dlo cho a nan grèp la pou koule kafe a.

Kafe a finn koule, li mete sik ladan. Li pran kafe a epi li rantre depoze l sou tab andan kay la. Li pran kòb papa li te kite sou tab la, li soti e li ale achete sis moso pen.

Dizè nan maten, bèlmè li rantre lakay la. Li rele Idaniz. Li kòmanse di li yon lis bagay pou li ale achte nan mache a. Kòm chak samdi, Idaniz konnen jounen sa a pa yon jounen repo epi tou, li pa t janm konn gen repo. Kote tout timoun nan katye a ap kouri, jwe, moute bisiklèt. Idaniz, li menm, l ap bourike san sekou. Papa li ki ta dwe la pou pwoteje li, pa ba li regle anyen pou li. Idaniz sanble ak yon ti pa bezwen. Bèlmè pa vle wè l, papa li pa kyè de li, moun ki rete nan gran lakou kote li rete a, pa pran l pou anyen.

Avèk yon zèl sandal san fòm, Idaniz pran wout la pou li ale achte bagay pou fè manje yo. Li pa ka pran kamyonèt ak lajan yo ba li a. Li pa konn monte bisiklèt. Li pa vrèman gen zanmi sou katye a. Li reziye li pran wout la malgre pye li ap fè l mal. Li pa gen chwa, sinon, baton ap kouche li baton ap leve li. Nan tout wout la, li se sèl timoun k ap fè tout wout sa yo pou ale nan mache. Sèl sa ki ba li

kouraj, se mizik li te konnen. Li tonbe fredone nan tout wout la.

Grann o gade mizè mwen

Grann o gade traka mwen

Grann o gade mizè m ap pase nan peyi mwen...

Après karant senk minit, li rive nan mache a. Li tonbe bay pri pou legim yo, vyann yo, magi, elatriye. Yonn nan bagay ki te fòs Idaniz, li te yon timoun ki te janti e li te toujou ap griyen dan li. Sa pèmèt lè l ap bay pri yo, machann yo tonbe griyen dan ak li. Li finn fè mache a epi li pran wout la nan direksyon lakay li. Menm mizik yo l ap chante. Nan laj Idaniz, li ta dwe gen paran ki la pou pran swen li. Li pa ta dwe nan responsab tout yon lakou. Tout chay tonbe sou zepòl li. Defwa, w ap gade zepòl li ou mande si sa ou wè a ka rive kenbe tèt li.

Lè li resi rive, li remèt bèlmè li sache nwa yo ki gen tout sa li sot achte yo. Bèlmè a gade sa Idaniz achte yo, li pase yo yonn après lòt. Move chans pou Idaniz, li bliye achte yon bagay nan mache a. Menm si boutik nan katye a vann sa bèlmè a bezwen an, men li pa t vle peye li pi chè ke mache a.

Li pran Idaniz nan fèy zòrèy li, li tonbe tòde zòrèy la. Sa w tandè a, li kòmanse vide koze sou timoun nan: *papa w pa bezwen w, manman w pa bezwen w. Sèl mwen ki chwazi sipòte yon ti pès tankou w. Yon ti grapyay. Yon ti kaka san savon tankou w. E ou gen kè ou bliye achte tout sa mwen te voye w achte yo. Sa w itil menm? Di m non. Sa w vo? Kote yo jwenn yon kaka san savon tankou w?*

Li tonbe bay timoun nan kout pwen nan do li, nan tèt li. Li rale li, kontinye ap tòde zòrèy pitit la. Idaniz ap plenn nan kè paske si li kriye, bèlmè a ap maltrete l plis toujou. Idaniz sonje dènye fwa bèlmè a te maspinen li, se te yon men l li te fouye nan yon sann dife cho. Tipitit la tòde ak tout fòs li. Sa ki te tris nan sa, se moun ki nan gran lakou a k ap gade san yo pa di anyen. Se ri yo t ap ri olye pou yo ta fè yon konbit pou di bèlmè a sa w ap fè a pa bon. Men, yo te pran plezi nan maltretans pitit la t ap sibi yo.

Aprè tout kalamite sa yo, bèlmè a mande l ale cache sa li pa t achte nan mache a. Boutik la, nan lòt bò wout la. Idaniz te toujou al achte nan boutik sa a. Menm jan li te konn fè li chak tan, li gade an

wo, li gade anba, epi si pa gen machin, li kouri travèse.

Midi tapan, Idaniz pran monnen mache a epi li soti nan lakou a. Li tèlman sou presyon, li kouri travèse lari a san gade. Mal chans pou li, yon machin t ap pase ak tout vitès. Sèl bagay bèlmè a, katye a, timoun yo te tandè, se : BOW.

Tout moun soti. Idaniz blayi sou wout la. Tèt li ouvè, san ap koule san rete. Pye li kase, bra li kase. Li pa bat. Chofè machin nan ki konnen ki sa k ap rive l si li kanpe, tou kontinye kole gaz li. Tout moun men nan tèt. Bèlmè li a pa konn kisa pou li di, li jis ap plenn.

Gen yon jèn gason nan katye a ki kouri pote nouvèl la bay papa Idaniz ki te nan jaden. Sezisman pran misye, li tonbe epi li tou endispoze. Tout moun sou katye a te sou chòk.

Kò Idaniz tèlman krabinen, li pa ka rete pou demen. Yon kouzen bèlmè a ki te konn fè mèb, pran kat fèy planch, li kloure yo epi yo mete Idaniz ladan. Moun sou ran, san kafe, san alkòl, san vèy, san yon dènnye omaj, yo fouye yon twou dèyè lakou a epi yo mete Idaniz.

San yon pyè tonbal, san yon mo, sèl lonbraj tizanj lan ki rete. Idaniz tounen pousyè san li pa jwi ni anfans li, ni moman kalite ak pwòch li. Idaniz disparèt tankou lafimen, li pa kite tras. Sof, nan memwa yon jenòm ke souvni li ka fè 1 defo.

Konbyen Idaniz nou genyen lakay nou? Konbyen Idaniz k ap souffri nan peyi a? Konbyen nan nou ki se yon bèlmè konsa? Konbyen nan nou ki se yon papa manfouben?

Timoun yo fèt pou jwi plen potansyèl yo paske yo se prezan ak lavni sosyete a. Lè n a rive konstwi yon Ayiti ki Gran, Diy, Fyè e Pwospè, n ap rive mete fen ak soufrans Idaniz nan peyi a.

Esterlin, Jean Marc. Lonbraj yon ti zanj. *Pawòl & Memwa*. Mai 2026
©jeanmarcesterlin.com

*Tout resanblans ak kèlkeswa pèsonaj la se yon koyensidans.
Istwa Idaniz se istwa anpil timoun sosyete ayisyèn nan bliye,
neglijje e maltrete maten, midi e swa. Souvan, se dèyè pot kay
klete fanmi yo timoun yo viv pi move tretman yo.*